ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№№18-19 (23.677) ● 2018 гъэм мазаем (февралым) и 8, махуэку ● И уасэр тумэнитIщ

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщl Мусуков Алий хуэзащ «Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал предприятэм и Кавказ Ищхъэрэ Iэнатlэм и унафэщl Муратов Сергей

КъБР-м и Правительствэм и Унэм республикэм и Премьер-министр Мусуков А.Тl, лэжьыгъэ Iуэхукlэ щыхуэзащ «Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал предприятэм и Кавказ Ищхъэрэ Iэнатlэм и унафэщl Муратов С.А.

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм пощт лэжьыгъэм зыщегъэужьыным, цIыхухэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэр егъэфIэкIуэным хуэгъэзауэ зыхуэфащэ лэжьыгъэхэр зэщIыгъуу егъэкIуэкIыным.

Хэхауэ хэплъащ КъБР-м и районхэм щIэ пощт Iуэхуащlапlэхэр зэгъэпэщыжыныжмрэ егъэфIэкIуэнымрэ, связыжмкlэ республикэ управленэм и мылъку-техникэ лъабжьэр къагъэщIэрэщIэжыным, нэгъуэщIхэми.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхуащlапlэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэм и Парламент Ассоциацэм ЩIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ, туризмэмрэ спортымкlэ и комитетым хэтынум теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Кавказ Ищхъэрэм и Парламент Ассоциацэм и Регламентым и 20-нэ статьям ипкъ иткlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щIэ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэм и Парламент Ассоциацэм ЩIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ, туризмэмрэ спортымкlэ и комитетым хэтыну гъэкIуэн Бэрэгъун Арсен Мухьэмэд и къуэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Спортымрэ туризмэмкlэ и комитетым и унафэщIыр.

2. Мы Унафэр Кавказ Ищхъэрэм и Парламент Ассоциацэм хуегъэхьын.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЕГОРОВЭ Татьянэ.

Налшык къалэ
2018 гъэм щIышылэм и 25-м
№829-П-П

«2018 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэм Iуэхутхьэбзэхэр яхуэзыщIэ Iуэхуащlапlэхэм я мылъку-техникэ лъабжьэр гъэбыдэнымрэ лэжьапlэ Iумыт пенсионерхэр компьютерым хуегъэджэнымрэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социальнэ программэм и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2018 гъэм щIышылэм и 18-м
Налшык къалэ *№1-ПП*

«Урысей Федерацэм и субъектхэм цIыхухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэзыщIэ Iуэхуащlапlэхэм я мылъку-техникэ лъабжьэр гъэбыдэнымрэ лэжьапlэ Iумыт пенсионерхэр компьютерым хуегъэджэнымрэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социальнэ программэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыпсэу, лэжьапlэ Iумыт пенсионерхэр 2018 гъэм компьютерым хуегъэджэныр къызэрызэгъэпэщну Хабзэр.

2. «2018 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэм Iуэхутхьэбзэхэр яхуэзыщIэ Iуэхуащlапlэхэм я мылъку-техникэ лъабжьэр гъэбыдэнымрэ лэжьапlэ Iумыт пенсионерхэр компьютерым хуегъэджэнымрэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социальнэ программэр гъэзэщIэнымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIэ уполномоченнэ органу къэлъытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIепыкъунымкlэ и министерствэр.

3. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ Ахъуэхъу Т. Б.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl

МУСУКОВ Алий.

ХэхакIуэхэм ядоIэпыкъу

● Депутат лэжьыгъэ

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и VII хэхьгъуэм и депутат, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и фракцэм хэт Геккиев Заур «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и республикэ къудамэм и хэщIапlэм мы гъэм япэу мазаем и 2-м щыIущIащ республикэм ис, Iуэху зэIумыбзэхэр зиIэ цIыхуэхэм.

ГЕККИЕВЫМ зыхуэзыгъэзахэм я гугъуехьхэр зыхуэдэм хагъэгъуэзащ. Къапщтэмэ, Налшык къалэм щыпсэу Герасимовэ Раисэ арэзы техъуэртэкъым электрокъарум техьэ уасэм зэрыщхьэщрагъэтыкIым. Къэралым кулыкъу зыхэзыщIэ налшыкдэс Байсултанов Малик депутатым зыхуигъэзащ МВД-м псэупIэ кIуритынымкlэ икIи и къуэм Iэнатlэ къыхуэгъуэтынымкlэ къыдэIэпыкъуну. Шэрэдж районым хьихьэ Джэрпэджэж къуажэм дэс Аликаевэ Асльэн щIэлъэIуащ «2020 гъэ пщIондэ къуажэм социальнэу зегъэужьын» программэмкlэ и псэупIэр иригъэфIэкIуэнымкlэ Геккиевым зыкъыщIигъэкъуэну. Хьыджэбз зеиншэ, общежитым щыпсэу Задоркинэ Анастасии депутатым щIыбгъэдыхьар псэупIэ къратынымкlэ къыдэIэпыкъун папщIэщ. Iэзизэ Хьэнлар къызытекIухьар ныкъуэдыкъуэхэм я тхылъ къыдихыным ехьэлIа Iуэхур къыдигъэпсынщIэныгъ. Аращ пенсионер, зи щIалэр сымаджэ Мочаловэ Антонини депутатым зыщIыхуигъэзар. Анзор Султlан зыгъэгуавэр МГИМО-м щIэс и къуэм и еджапщIэр зэрыхуэмытырт.

Геккиев Заур зыхуэзыгъэзахэм яхэтт я щхьэзакъуэ Iуэху дагъэкIын къудей мыхъуу, цIыхубэм я псэукIэр, я узыншагъэр егъэфIэкIуэным теухуахэр гъэкIуэтэным хущIэкъуэкIри. Апхуэдэу Налшык къалэм и онкологие диспансерым и гематологие къудамэм щIэлъ сымаджэхэр зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэмкlэ къызэрагъэпэщыну щIэлъэIуащ Мэшыкъуэ Риммэ. Нартандэс Мэзло Юрий игъэгуавэрт я къуажэ интернатым сабий гъэсапlэ зэрыхэмытымрэ курыт еджапIэр зытет, Къуэныкъуейм и цIэр зезыхьэурамым и Iэгъуэблагъэм гъуэгу шынагъуэншагъэр къыдэзыщIэзэмыгъэпэщамрэ.

Депутатыр дэтхэнэми едэIуащ икIи ахэр къызытекIухьам нэхъ куууэ зыхигъэгъуэзащ, зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми щхьэпэ зэрахуэхъуным хущIэкъуу. Геккиевым зи дзыхь къезыгъэзахэм яжриащ къагъэлъэгъуэ Iуэху зIэлумыбзэхэр гъэзэкIуэжа хъунымкlэ и къарурэ зэфIэкIрэ емыблжьыну, хуей хъумэ, Москва щыIэ и лжьэгъэуэрэри зыдигъэIэпыкъуну. Ахэр быдэу къигъэгугъащ жэуапыншэу зыри кIымыгъанэну икIи я Iуэхурэр дагъэкIыным ехьэлIауэ хуэзфIэкIахэм зы мазэ пIалъэм къриубыдэу щигъэгъуэзэну.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*



Мы махуэхэм

Мазаем и 8, *махуэку*

♦Урысей щIэныгъэм и махуэщ. 1724 гъэм Пётр Езанэм Iэ щIидзащ Петербург ЩIэныгъэхэмкlэ и академиер къызэгъэпэщыным теухуа унафэм. Иджыпсту ар РАН-щ.

♦Урысейм и дзэ топографым и махуэщ

♦Словением щагъэлъапIэ я щэнхабзэм и махуэр

♦Иракым и революцэм и махуэщ

♦1725 гъэм дунейм ехыжащ Урысейм и япэ император Пётр Езанэр.

♦1819 гъэм Санкт-Петербург университет къыщыдзэгъэпэщыным теухуа унафэр къыдэкIащ.

♦1837 гъэм Петербург и Iэгъуэблагъэм деж Пушкин Александрэ Дантес (Геккерн) Жоржрэ щIалэуэкIапlэ щызэдытеуващ. Абы щIигъуэта уIэгъэм Пушкиныр иIыкIауэ щытащ мазаем и 10-м.

♦1838 гъэм Морзе Сэмюэл малъхьэдисыр кIыгъэсэбэпу зэпхэрилъхьа телеграфым и лэжьэкIэм щIыхуэхэр щыгъуазэ ищIауэ щытащ.

♦1905 гъэм Урысейм щыIэпIэу къызэIуахащ журналистхэр щрагъаджэ курсхэр. Ахэр къызэригъэпэщат профессор Владимиров Леонид.

♦1919 гъэм Урысейм къыщыдзэкIащ зэманыр дунейпсо пщыIэм тету къэбжьыным теухуа унафэр.

♦1943 гъэм Воронеж фронтым и дзэхэм Курск къалэр хуит къащIыжащ.

♦1984 гъэм Сараевэ къалэм (Югославие) къыщызэIуахащ XIV ЩIымахуэ Олимп джэгухэр. Ахэр махаем и 19 пщIондэ екIуэкIащ.

♦1992 гъэм Альбервиль (Франджы) къыщызэIуахащ XVI ЩIымахуэ Олимп джэгухэр. Ахэр мазаем и 23-м зэхащIыжащ.

♦2002 гъэм Солт-Лейк-Сити къалэм (США) къыщызэIуахащ XIX ЩIымахуэ Олимп джэгухэр, мазаем и 24 пщIондэ екIуэкIахэр.

♦1994 гъэм «Газета Юга» газетым и япэ номерыр къыдэкIащ.

♦Урыс ехьэлIэ, зэдзэкIакIуэ, критик, романтизмэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа **Жуковский Василий** къызэралъхьэ илъэс 235-рэ ирокъу.

♦Урыс тхакIуэ щэджащэ **Достоевский Фёдор** къызэралъхьэ илъэси 137-рэ ирокъу.

♦Совет дзэзешэ, Граждан зауэм и пIыхьыжь **Чапаев Василий** къызэралъхьэ илъэси 131-рэ ирокъу.

♦СССР-м и цIыхубэ артист, Сталиным и щIыхькIэ ягъэувауэ щыта саугъэтыр тIэунейрэ зыхуагъэфаща актёр **Андреев Борис** къызэралъхьэ илъэси 103-рэ ирокъу.

♦Совет политолог цIэрыIуэ, теле-радионэтынкэр езыгъэкIуэкIыу щыта, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор **Зорин Валентин** къызэралъхьэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Биологие щIэныгъэхэм я доктор, КъКЪУ-м и профессор **Иуан Анатолэ** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Европэм дзюдомкIэ и чемпион хуэ, XXII Олимп Джэгухэм жэз медаль къыщIзыхьа, УФ-м щIыхь зиIэ и Iэсасlэу **Емыжь Iэрамбий** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Урысей фигуристкэ, дунеймрэ Европэмрэ я чемпионатхэм мызэ-мытIэу щытекIуа, Олимп Джэгухэм дыжьын, жэз медалхэр къыщызыхьа **Слуцкая Ириндэ** и ныбжьыр илъэс 39-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кIэ, Налшык уфаущ, къеущ-къеущ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 4, жащым щыIэр 1 градус щыхъунущ.

Мазаем и 9, *мэрем*

♦Дзэ дохутырым и дунейпсо махуэщ

♦Урысейм и Граждан авиацэм и махуэщ. 1923 гъэм СССР-м «Граждан авиацэмкlэ совет къыщыдзэгъэпэщыным теухуауэ» унафэр къыщыдгъащ.

♦1895 гъэм США-м щыщ Морган Уильям волейбол джэгукIэр къигупсысащ.

♦1897 гъэм Урысей империем щIыхуу исыр япэу къыщабжащ. Абы наIуэ къызэрищIамкlэ, а зэманым ирихьлIэу къэралым щIыхь мелуани 124-рэ мин 600-рэ щыпсэурт.

♦1943 гъэм советыдзэхэм Белгород къалэр хуит къащIыжри, Краснодар лъэныкъуэр зыIыгъ фашистыдзэхэм ебгъэрыкIуэн щIадзащ.

♦1946 гъэм СССР-м къыщащтащ цIыхубэ хозяйствэм зэрызиужьыну япэ илъэситу планыр.

♦1955 гъэм СССР-м зыхъумэжыныгъэмкlэ и министру ягъэуващ Жуков Георгий.

♦1969 гъэм США-м къыщыщIагъэкIа, цIыхухэр къызэрыщашкlэ «Боинг 747» къхъуэлъата лIэужьыгъуэр апэу узгум ихьащ.

♦Узбек усакIуэ, цIыхубэм я узэщIакIуэ, къэрал лэжьакIуэ **Навои Алишер** къызэралъхьэ илъэс 577-рэ ирокъу.

♦Урыс усакIуэ, зэдзэкIакIуэ, критик, романтизмэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа **Жуковский Василий** къызэралъхьэ илъэс 235-рэ ирокъу.

♦Урыс тхакIуэ щэджащэ **Достоевский Фёдор** къызэралъхьэ илъэси 137-рэ ирокъу.

♦Совет дзэзешэ, Граждан зауэм и пIыхьыжь **Чапаев Василий** къызэралъхьэ илъэси 131-рэ ирокъу.

♦СССР-м и цIыхубэ артист, Сталиным и щIыхькIэ ягъэувауэ щыта саугъэтыр тIэунейрэ зыхуагъэфаща актёр **Андреев Борис** къызэралъхьэ илъэс 103-рэ ирокъу.

♦Совет политолог цIэрыIуэ, теле-радионэтынкэр езыгъэкIуэкIыу щыта, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор **Зорин Валентин** къызэралъхьэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Биологие щIэныгъэхэм я доктор, КъКЪУ-м и профессор **Иуан Анатолэ** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Европэм дзюдомкIэ и чемпион хуэ, XXII Олимп Джэгухэм жэз медаль къыщIзыхьа, УФ-м щIыхь зиIэ и Iэсасlэу **Емыжь Iэрамбий** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Урысей фигуристкэ, дунеймрэ Европэмрэ я чемпионатхэм мызэ-мытIэу щытекIуа, Олимп Джэгухэм дыжьын, жэз медалхэр къыщызыхьа **Слуцкая Ириндэ** и ныбжьыр илъэс 39-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кIэ, Налшык уфаущ, къеущ-къеущ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 4, жащым щыIэр 1 градус щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Мастэ гуапэщи, мастэ гуауэщ.

● Пщэдей

Фэбжь зыгъуэтахэм зэреIэзэ щIыкIэм трауху

Налшык къалэм пщэдей, мазаем и 9-м, щекIуэкIынущ фэбжь зыгъуэтахэм зэреIэзэ щIыкIэм теуху щIыналъэ зэхуаку щIэныгъэ конференц. Абы хэтынущ Кавказ Ищхъэрэм и ортопед, травматолог нэхъыфIхэр.

КОНФЕРЕНЦIР къызэрагъэпэщащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, Пироговым Н. И. и цIэр зезыхьэ Урысей лъэпкъ медицинэ къэхутакIуэ университетым, Урысейм и травматологхэм-ортопедхэм я ассоциацэм.

Къызэхуэсахэр едэIуунущ Москва, Краснодар, Владикавказ щыщ IэщlагъэлIхэм я лекцэхэм.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхуащlапlэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщIэхэм гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэм хъарзынэу зыхуагъэхьэзыращ. Иджыпсту минеральнэ щыгъэпшэрхэр къишын яух.

ДУНЕЙМ и щытыкIэм къитIасэмэ, дызэрыт мазэм и етIуанэ Iыхьэм бжьыхьэсэ къэкIыгъэхэр зытет хьэсэхэм зыхуэфащэ щыгъэпшэрхэр халъхьэнущ.

Лжьыгъэхэр тэмэму къызэрагъэпэщын икIи ахэр иджырей технологиехэм тету ирагъэкIуэкIын, къуажэдэсхэм гъатхасэр зэман нэхъыфIхэм кърилъыдэу зэфIагъэкIын папщIэ зыхуеинум хуэдиз мэкъумэш техникэ яIэщ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхуащlапlэ.

Республикэм и мэкъумэшыщIэхэр гъатхэм хуэхьэзырщ

Жылагъуэ зыбжанэм дащIыхь школхэмрэ сабий садхэмрэ нэгъэсыжыным сом мелуан 270-рэ хуэдиз трагъэкIуэдэнущ

Нарткъалэ еджакIуэ 825-рэ щIэхуэну щащI школыр, сабийуэ 160-рэ, 140-рэ щIэхуэну Аргудан, Белэ Речкэ къуажэхэм дащIыхь садхэр нэгъэсыжыным трагъэкIуэдэн папщIэ федеральнэ бюджетым къыхэкIыу 2018 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мелуан 270-рэ щыхухахащ. Абы республикэм и Iыхьэу сом мелуан 23-рэ мин 419-рэ щIигъэкIынущ.

Абы теухуа зэгурыIуэныгъэм Iэ щIадзащ КъБР-м и Правительствэмрэ Урысей Федерацэм Ухэнныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкlэ и министерствэмрэ я Iэтащхьэхэм.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхуащlапlэ.

● Ди къуэш республикэхэм

Путин Владимир къыбгъэдэкI хъуэхъу

АБХЪАЗ. ***Сталинград зауэр зэриухрэ илъэс 75-рэ зэрырикъур къэралым щагъэлъапIащ. Хэку зауэшхуэр зи нэгу щIэкIа, Сталинград зауэм хэта ветерану Абхъазым щыпсэужьыр зы закъуэщ - Шульгина Валентинэ. Абы къыIэрыхьащ Урысейм и Президент Путин Владимир къыбгъэдэкI хъуэхъу телеграммэ.***

УФ-м и посольствэу Абхъазым щыIэм и лэжьакIуэ Ясносокирский Юрий Сталинград зауэм хэта ветераным и унэм щыIащ икIи Путин Владимир къыбгъэдэкI хъуэхъу телеграммэрэ роэз Iэрамэрэ иритащ илъэс 95-рэ зи ныбжь Шульгина Валентинэ.

Ветераным УФ-м и Президентым фIыщIэ хуищIащ.

Гуэзэрыплъ щагъэлъагъуэ

АДЫГЕЙ. ***Кавказ мэзгъэфIэным и музей Гуэзэрыплъ къуажэм дэтым Лопащlэ Нурбий и Iэдакъэщlэкl сурэтхэр щагъэлъэгъуэнущ гъатхэпэм и кIэм нэсыху.***

СУРЭТЫЩI цIэрыIуэ Лопащlэ Нурбий илъэс плIыщым щIигъуауэ щопсэу, щоланжьэ, и Iэдакъэщlэкlэр щегъэлъагъуэ Мейкъуапэ къалэм. Абы и сурэтхэм къыщыгъэлъэгъуащ Адыгейм и бгылъэ щIыуэпсыр. ГъэщIэгъуэныщIэращ, и лжьыгъэм я нэхъыбэм езым и сурэт хегъэувэ, зыщIэхъуэпс дахагъэр нэрылъагъу къытащиущI нэхъей.

Лопащlэ Нурбий Адыгейм щыIэ Урыс географие обществэм и къудамэм и щIэныгъэлI секретарщ, сурэтыщIущ, гъэзаджэмкlэ щIэныгъэлIщ, археологущ, республикэм пщIэшхуэ щызиIэ цIыхущ.

Зэхадза ахъшэм кIыхьокI

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Фэтэр куэду зэхэт унэхэр зыхуей хуэзыгъаз фондыр 2018 гъэм елэжьынущ унэ 95-м.***

КъШР-м Ухуэныгъэмкlэ и министерствэмрэ Псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ я лэжьакIуэм зэрыжиIамкlэ, фондым и мылъкум, псэупIэхэр зейхэм зэхадза ахъшэм кIыхькIыу, Черкесскрэ районхэмрэ щыIэ унэ 95-м мы гъэм щелэжьынущ, щыпсэунхэм щыщIэдзауэ унащхьэхэм щыщIэкIыжу.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр ГТО комплексыр нэхъыфIу щыпхагъэкI щIыналъэу пщIым хохьэ

ГТО комплексыр пхыгъэкIынымкlэ федеральнэ рейтингым япэ щит щIыналъэу 10-м ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр. Урысей Федерацэм Спортымкlэ и министерствэм ГТО комплексыр пхыгъэкIынымкlэ зэзыгъэуIу и комиссэм и зэIущIэм кIыщыщыпсалъэм апхуэдэу жиIащ физкультурэмрэ цIыхубэ спортымрэ зегъэужьынымкlэ департаментым и унафэщI Малиц Владимир.

ГТО-м и мардэхэр яту щIадзащ Урысейм щыпсэухэм ящыщу цIыху мелуани 2,9-м. Программэм хэтхэм ящыщу мелуан 1,2-м дамыгъэ хэхаэр хуагъэфэщащ икIи абы хэм ди республикэм и цIыхуу мин тIощым щIигъу яхэтщ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхуащlапlэ.

Мазаем и 8-р Урысей щIэныгъэм и махуэщ

ГъащIэр ипэкIэ зыгъэкIуатэ

ЦIыхубэм папщIэ щIэныгъэщIэ къэуГуеиным зи гуащIэр хуэгъэпса Iэщ1агъэлIхэм я махуэшхуэщ нобэ ди къэралым щагъэлъапIэр - Урысей щIэныгъэм и махуэр. Къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм ар нэгъуэщI махуэхэм щагъэлъапIэми, псори зыхуэгъэпсар зыщ: гъащIэр ипэкIэ зыгъэкIуатэ, ар езыгъэфIэкIкIуэ лэжьыгъэ купщIафIэхэр зэфIэзэых щIэныгъэлIхэр гъэпэжэнырщ, яхуэфэщэн къэрал гулъытэ егъэзгуэтыныр, лъэпкъ щIэныгъэм адэкIи зегъэужьыныр щ.

ЕВРОПЕЙ псэукIэм и мардэхэм ящыщ куэд ди Хэкум къизыхьа, ар зыужьыныгъэм и гуэгуГм тезыша урысей пащтыхь Петр Езанэм и цIэм пыщIащ ЩIэныгъэм и махуэр гъэлъэпIэныр. 1724 гъэм мазаем и 8-м пащтыхьым Iэтридзащ ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академие (РАН) къэралым къызэрыщызэрагъэпэщым теухуа унафэм. Ар и тегъэщIапIэу, 1999 гъэм, РАН-р илъэс 275-рэ щикъум ирихьелIэу, Урысей Федерацэм и Президентым Унафэ щызэхуэ къыдигъэкIащ мазаем и 8-р Урысей щIэныгъэм и махуэу гъэлъэпIэным екьелIауэ.

Тхыдэ гъуэгуанэ хьэлэмэт икIи купщIафIэ къикIуащ РАН-м. 1747 гъэм къащта Уставым ипкъ иткIэ дежьэ хъуащ ЩIэныгъэхэмрэ ХудожествэхэмкIэ имперскэ Академие. ИужькIи Академием и цIэм зыбжанэрэ зихъуэжащ. 1803 гъэм абы зэреджэр Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и имперскэ Академиет, 1836 гъэм - ЩIэныгъэхэм я Санкт-Петербург Академиет. Абы хэтт ЩIэныгъэхэмкIэ академие университет, академие гимназие, физикэмкIэ, географиемкIэ, химиемкIэ кIудамэхэр. 1839 гъэм лэжьэн щIидзауэ щытащ Пулковэ обсерваторэм. ЩIэныгъэм и унэтIныгъэ зыбжанэмкIэ тхылъ куэд дунейм ихьетхыауэ щытащ а зэманым. Абыхэм ярыт статьяхэр я къалэмыпэм къыщIэкIырт щIэныгъэлI щджащдзэу Ломоносовым, Эйлер, Струве, Востоковым, Бутлеровым, Павловым, нэгъуэщI еджагъэшхуэхэм. РАН-м хэтт нэгъуэщI къэралхэм я щIэныгъэлIхэри, псалъэм папщIэ, абы и действительнэ членхэт Вольф, Вальтер, Дидро, Франклин, Гёте, Дарвин, нэгъуэщIхэри.

1917 гъэм ирихьелIэу академием хъарзынэу зиужьат. Абы хэтт действительнэ члену цIыху 49-рэ. КъыщыхэзыгъэгъащIэм щыгГуэу абы хэтыр цIыху 17 куэдейт зэрыхъур. Апхуэдэу РАН-м иIэт лабораторэ зэмылIэужьыгъуэу 5, обсерваторэ зыбжанэ, музейхэр, щIэныгъэ къэралыкIуэу цIыхуи 109-рэ. РАН-м и цIэм аргуэру зихъуэжащ: ар СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и академие хъуауэ щытащ.

ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм ди къэралым щекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэм яжь щIихуащ Академиеми. 1991 гъэм абы фIащащ ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академие (РАН). Къэралым и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ а щIэныгъэ Iэнатlэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ щытщ 2013 гъэм и фокIадэм къызэрагъэпэща ФАНО-м (ЩIэныгъэ зэгухьныгъэхэм я федеральнэ агентствэ) и лажьыгъэр. Абы къызэрыхилъхьамкIэ, къэралым и щIыналъэхэм щылажьэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институт зэмылIэужьыгъуэхэр зы щIэныгъэ центр иным и дамэм щIэтэуэрэн хуэйщ. Нобэ абы хэтщ действительнэ члену, член-корреспонденту щэ бжыгъэхэр, хамэ къэралхэм я еджагъэшхуэ куэд. Абы нобэ щыIэзэфIах естественнэ, жылагъуэ щIэныгъэхэм япыщIа, дунейпсо мардэм къитIасэ щIэныгъэкъэхутэныгъэ инхэр.

И къалэнхэми, зэрызэхэт Iыхьэхэми, щрагъэкIуэкI лэжьыгъэми зэманым елъытауэ захъуэжми, ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академиер дапщэщи щытщ икIи щытынущ къэралгпсо зыужьыныгъэм и джэлэсу, абы и Iэнатlэ нэхъыщхьэу, сыту жыпIэмэ щIэныгъэ куумрэ цIыху зэчийм-рэщ дэтхэнэ къэралри къарууфIэ зыщIыр. Аращ ди къэралым дунейпсо пщIэрэ щIыхьрэ къыхуэзыхьыфыну хэкIыпIэхэри. ЩIэныгъэм щызыIэригъэжьа екъутIэныгъэхэм Iэмал къет Урысей Федерацэр зызыужьа щIыналъэхэм халъытэну.

Ди лъэпкъ щIэныгъэлIхэу зи махуэшхуэр нобэ зыгъэлъапIэхэм дохъуэхъу ди щIыналъэр, къэралыр зэрыщыту ипэкIэ зыгъэкIуэтэн лэжьыгъэ купщIафIэхэмкIэ нэхъ къулеиж хъуну. Къэрал гулъытэ лъагэ яхуэфащэщ къэхутэныгъэщIэхэр зи плъапIэ лэжьакIуэ пажэхэм.

КЪАРДЭН Маритэ.

● Цыхухэр я гупсысэхэр

Хуитыныгъэ къозыт

ЩIэныгъэ зыбгъэдэлъ цIыхур щIэнгъуазэ пэлъытэщ.

ГЁТЕ Иоганн.

Лъэпкъым и къарур къызэралъытэр и цIыху бжыгъэкIэкъым, атIэ и цIыхухэм гъэсэныгъэрэ щIэныгъэу ябгъэдэлъырщ.

ГЮГО Виктор.

АкъылыфIэм и гупсысэхэр зэблок, акъылыншэм и щхьэр мэджэрэз.

КЛЮЧЕВСКИЙ Василий.

ЩIэныгъэм хуэдэу цIыхур зыгъэлъапIэрэ абы хуитыныгъэ къезытрэ нэгъуэщI зыри щыIэкъым.

ПИСАРЕВ Дмитрий.

ЩIэныгъэм гъунэ иIэкъым: сыт хуэдиз екъулIэныгъэм цIыхубэм абы щызыIэрамыгъэхьэми, къэкIуэну щIэблэхэм Iэмал яIэнущ абы и гъунапкъэщIэхэр къызэIуахыну.

ГОНЧАРОВ Иван.

ЦIыхур сыт щыгъуи щIэныгъэщIэхэм хэпабгъэу щытын хуейщ. А хьэл-щэныр Iэщ1ыб зыщIыр цIыху нэсуи къалъытэжьыркъым.

НАНСЕН Фритьоф.

ЩIэныгъэ нэсыр пэжу, щызу, гурыIуэгъуэу икIи лъабжьэ быдэ иIэу щытын хуейщ.

КОМЕНСКИЙ Ян.

ЩIэныгъэ нэс къэуГуеиным гурыфIыгъуэ къезыт щIэблэ зыгъасэ егъэджакIуэм хуэмыфащэ фIыгъуэ щыIэкъым.

ХАББАРД Элберт.

ЩIэныгъэ гугъу щыIэкъым - щыIэр ар гугъуу къыбгъэдэзэылъхьэ егъэджакIуэщ.

ГЕРЦЕН Александр.

«ЩIэныгъэм хуэгъэпса гъащIэ» - апхуэдэ фIэщыгъэ зиIэ зэхуэс купщIафIэ щекIуэкIащ РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым (КЪБЩIЦ) Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым.

УРЫСЕЙ щIэныгъэм и махуэм ирихьелIэу къызэрагъэпэща зэIущIэр хуагъэпсащ тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м, КЪБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием я академик Гугу Рашад Хьусен и къуэм (1927 - 2002). «СтIол хъурей» щытыкIэм иту екIуэкIа фэеплъ зэхуэсым ягу къыщагъэкIыжащ къызэралъхурэ илъэс 90 ирикъуа хэкупсэм и гъащIэ гъэзэгуанэр, лъэпкъым тыхь хуищIа и щIэныгъэ щIэин абрагъэымэ щытепсэлъыхьжащ.

Фэеплъ зэхуэсым кърихьелIат КЪБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэхэр, ди республикэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ цIрыIуэхэр, абы щылажьэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм я лIыкIуэхэр, Гугу Рашад къыдэлэжьахэр, ныбжьэгъуу иIахэр, и унагъуэми щыщхэр, Iэхэр щекIуэкI институтым и лэжьакIуэхэр. Апхуэдэхэт КЪБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI **Азычэ Светланэ**, техникэ щIэныгъэхэм я доктор, РАН-м и КЪБЩIЦ и пашэ **Иуан Пётр**, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, КЪБР-м цIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ и уполномоченнэ **Зумакулов Борис**, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КЪБР-м и Iэтащхьэ деж щылажьэ Эксперт-аналитикэ советым и тхьэмадэ **Тау Пщыкъан**, филологие щIэныгъэхэм я доктор **ХьэкIуащэ Андрей**, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, Осетие Ищхьэрэ - Алание Республикэм къикIа **Дзидзоев Валерий**, тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат, КЪБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхугъэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Къэжэр Артур**, гъуэджэ щIэныгъэхэм я доктор, Кавказ Ищхьэрэм ГъуэздзэхэмкIэ и къэрал институтым и ректор **Рахаев Анатолий**, тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат, КъБКъУ-м и проректор **Къущхьэ Хъусен**, КЪБР-м и Парламентым ПромышленностымкIэ, транспортымкIэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и комитетым и унафэщI **Гугу Рашад и къуэ Владимир**, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэр къызэIуихащ тхыдэ щIэныгъэм я доктор, профессор, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым и унафэщI **Дзэмыхъ Къасболэт**. Ар кIэщIу тепсэлъыхьащ Гугу Рашад и гъащIэмрэ и щIэныгъэкъэхутэныгъэ щIэинымрэ.

- Ди республикэр, къэралыр зэрыгушхуэ, зэрыпагэ, щытхъу ин зыхуэфащэ цIыху куэд диIащ щIынальэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIэр щIэныгъэ Iэнатlэм фIыкIэ щызыгъэIуа апхуэдэ цIыху щэджащэхэм ящыщщ нобэ дигу къэдгъэкIыжь Гугу Рашад Хьусен и къуэр. Хэкупсэ нэсым, щIэныгъэлI щыпкъэм и фэеплъым пщIэ щыхуэтпщI зэхуэсым къедгъэблэгъащ абы къыдэлэжьахэр, фIыуэ зыщIыхуу щытахэр. Рашад и унагъуэм я зэфIэкIкIэ нобэрей махуэшхуэм ирихьелIэу дунейм къытехьащ еджагъэшхуэм и къалэмыпэм къыпыкIа тхыгъэхэр зэрыт «Р. Х. Гугов. Научное наследие» тхылъ купщIафIэр. Апхуэдэу ар иредгъэхьелIащ Урысей щIэныгъэм и махуэм, сыту жыпIэмэ Гугу Рашад хуэдэ еджагъэшхуэхэращ лъэпкъ щIэныгъэм и зэфIэувэныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзэщIахэр, - къыхигъэщащ Дзэмыхьым. - КъиГэщIа илъэс 75-м ящыщу Гугур илъэс 50-м нэскIэ щыIэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и щIэныгъэ институтым. ЩIэныгъэ лэжьакIуэу къыщIидзэри, ар хъуащ тхыдэ къудамэм и щIэныгъэлI нэхъыжь, и унафэщI. 1988 гъэм къыщыщIидзауэ илъэси 10-м нэскIэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и тхьэмадэ къалэныр дагъуэнщэу ирихьекIащ. А лъэхъэнэм къэриубыдэу а IуэхугъэлIэм и щIэныгъэлIхэм я къэралгпсо мыкъэнэ зиIэ къэхутэныгъэ хьэлэмэтэхэр зэфIахащ. Гугум къыззригъэпэщащэу щытащ хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм яхуэгъэза лэжьыгъэшхуэ куэд. Абы хэм ящыщт щIэныгъэ экспедицэ щхьэхуэ Сирием, Тыркум, Иорданием ягъэкIуауэ зэрыщытар. Институтым и лэжьакIуэхэм сыт и лъэныкъуэкIи я щапхъэт щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, къызэгъэпэщакIуэ хьэлэмэт, унафэщI щыпкъэ, хэкупсэ икIи цIыху пэж Гугу Рашад.

Дзэмыхьым зэрыжиIамкIэ, щIэныгъэлI пажэм езыми и къалэмыпэм къыпыкIащ къэхутэныгъэ тхылъэ куэд. Лъытэныгъэ ин игъуэтащ Гугум и гуащIэдэкIым. Абы къыфIащащ щIэныгъэ цIэ лъагэхэм нэмыщI, къыхуагъэфэщащ къэрал дамыгъэ лъапIэ зыбжанэ, щIыхь, щытхъу тхылъхэр.

Гугум теухуа доклад нэхъыщIэр зэхуэсым щиIащ тхыдэ щIэныгъэхэм я щIыгъуэм я гупсысэхэмкIи, и Iэдакъэщ1кIэ купщIафIэхэмкIэ. ЩIэныгъэлIым и къалэмыпэм къыпыкIа иужьрей лэжьыгъэхэм ящыщщ «Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ 18-нэ лIэщIыгъуэм зэрыта щыпсэкIэмрэ абыхэмрэ Урысеймрэ я яку дэлъа зэпыщIэныгъэхэмрэ». А къэхутэныгъэ купщIафIэм Гугум къыщIигъэлъэгъуащ Черкессиекъэ зэджэу щыта хэкур щыпсэу цIыху бжыгъэкIи бгъэдэлъ лъэщагъкIи нэхъ пажэхэм зэращыщар, - жиIащ Бгъэжьнокъуэм. - Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэ щIэныгъэм Рашад хуищIа хэлъхьэныгъэ иным хуэбгъэдэн гуащIэдэкI куэд ящыIэкъым. Абы и къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм кууу щызэпкърыхащ ди республикэм къикIуа гъуэгуанэр. Псом хуэмыдэу Гугур дихьэхырт лIэщIыгъуэ блэкIам и 20 - 30 гъэхэм ди щIыналъэм щекIуэкIауэ щыта Iуэхугъуэхэр къуэгъуеиныным. А лъэхъэнэм зэтеуваУэ щытащ совет псэукIэр, зэфIагъэувауэ щытащ мэкъумэш хозяйствэмрэ промышленностымрэ, зыужьыныгъэшхуэ игъуэтащ щIэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ. Гугум зэрихабзэрати, ар хуабжу набдзэгубдзаплъэу елэжьырт дэфтэр хъумапIэм щIэлъ тхылъхэм. ЩIэныгъэ пъабжьэ быдэ имыIэу зы къэхутэныгъэ лэжьыгъи и къалэмыпэм къыпыкIакъым абы.

Гугу Рашад къыщIэна щIэныгъэ щIэин лъапIэм щытепсэлъыхьым, **Иуан Пётр** къыхигъэщащ ар адыгэ лъэпкъыр зыгъэлъапIэу, зыIэту щыта еджагъэшхуэхэм зэращыщыр.

- Къуэш нэхъыжь пэлъытэу куэдым диIащ Гугур. Абы иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэр ди къэхутэныгъэхэр адэкIэ зыгъэкIуатэ лъэужь Iупщ1у тхыдэм къыхэнащ. Ар къызыхэкIари езыр щIэныгъэлI нэсу, и Iэщ1агъэм фIы дыдэу хищIкIыу, и лэжьэгъуэм пэжу, цIыхугъэшхуэ хэлъу къаззрыдэгъуэгурыкIуарщ. Хьэлэмэтыракъэ, абы и хьэл-щэным гъэщIэгъуэну щызэхэуухуэнат щабгъэмрэ пхъашагъымрэ, гу пщIанагъымрэ ерыщагъымрэ. Апхуэдэу ар къызэгъэпэщащIэу IэкIуэлъапIэу, псалъэхуэдэхэт. Абы и нэгум сыт щыгъуи къриухыт псом я щхьэж хьэл-щэнхэу цIыхугъэмрэ Iэдэбгъэымрэ, - жиIащ Иуаным. - Гугум хуэдэхэр мащIэщ. Аращ ди ныбжьэгъу Iущым нобэ псэкIэ дыщIыхуэныкъуэр.

Рашад дэлэжьа, зыщIыхуа, зэгуэр Iэхуэкъ Iуей хъуа дэтхэнэми даIыгъащ Иуан Пётр и псалъэхэр. Утыкум къихьэу, къызэхуэсахэм зи гукъэкIыжхэмкIэ ядэгуэшахэм ящыщщ Зумакулов Борис, Тау Пщыкъан, Улаков Махъты, Гъут Iэдэм, Рахаев Анатолий, Къущхьэ Хьусен, Къэжэр Артур, Хъэминовым Пётр, нэгъуэщIхэри. Абыхэм ящыщ дэтэхэмэ и псалъэм къыхэщырт Рашад къызыхэкIа лъэпкъым папщIэ имыщIэн щымыIэу дунейм зэрытетар, зи гум хуэдэу зи псэри зи нэгури зэIуха адыгэлIыр и хьэл-щэн псомкIи куэдым щащхъэ яхуэхъуу зэрыщытар. ЗэрыжаIамкIэ, абыхэм ящыщ дэтхэнэми Гугур хуэупсащ и псэ къабзагъэм щыщ IыхьэмкIэ, хэлъа щыпкъагъэмрэ зэпIэзэрытагъымкIэ. А фIыгъуэхэм ящыщ мащIэ яхьалъысауэ я къащыхуащ фэеплъ зэIущIэм кърихьэлIахэм.

Къызэхуэсахэм зэхуэсым и кIэухыу я пащхьэ иралъхьащ Гугу Рашад и щIэныгъэ щIэинымрэ, еджагъэшхуэм хужжалауэ щыта псалъэхэр щызэхуэхьаса тхылъыщIэр. Лэжьыгъэр къыдэкIыгъуэм хуэзыгъэхьэзырар Рашад и къуэ Владимирщ. Абы и редакторыр Котляров Викторщ, щытрадзари ар зи пашэ тхылъ тедзапIэращ. И бжыгъэкIэ 500 хъуэ дунейм къытехьа тхылъ купщIафIэр Владимир тыгъэ яхуищIащ фэеплъ зэIущIэм кърихьэлIахэм.

Абыхэм ящыщ щапхъэ щыIэ хуэдэ дунейм щапхъэ яхуэхъуу зэрыщытар. ЗэрыжаIамкIэ, абыхэм ящыщ дэтхэнэми Гугур хуэупсащ и псэ къабзагъэм щыщ IыхьэмкIэ, хэлъа щыпкъагъэмрэ зэпIэзэрытагъымкIэ. А фIыгъуэхэм ящыщ мащIэ яхьалъысауэ я къащыхуащ фэеплъ зэIущIэм кърихьэлIахэм.

Дзэмыхьэ Къасболэтэ Гугу Владимири фIыщIэ хуащIащ зэIущIэм къекIуэлIа псоми.

ЩIэныгъэлI Iэзэм, къэхутакIуэ емызэщым и цIэр, щэн хэмылъу, къыхэнащ адыгэ тхыдэм. Апхуэдэхэр лъэпкъым куэдрэ щыгъупщэнукъым.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Зэхуэсхэр

Псэ къабзагъэм щыщ Iыхьэ



ЕМЫШЭ Хьэлий Хьэмашэ и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ. Илъэс 89-нэм иту 2018 гъэм мазаем и 6-м дунейм ехыжащ совет лъэхъэнэм лэжьыгъэм щыпашэу щыта, Прохладнэ районым Чапаевым и цIэкIэ щыIа колхозым и механизатор, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, Прохладнэ муниципальнэ районым щIыхь зиIэ и цIыху Емышэ Хьэлий Хьэмашэ и къуэр.

Емышэ Хьэлий 1929 гъэм гъатхэпэм и 10-м Къэрэгъэш къуажэм къыщалъхуащ. 1943 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжа нэужь абы и ныбжьыр илъэс 14 иримыкъуаэ Чапаевым и цIэр зезыхьэ колхозым лэжьэн щыщIидзащ. ИлъэситI дэкIри, ар Бахъсэн МТС-м механизацэмкIэ и школым ягъэкIуауэ икIи механизатор Iэщ1агъэр зригъэгъуэтащ. Колхозым кIиугъэжьри, тракториста лажьэу щIидзащ икIи зы илъэс нэхъ дэмыкIыу колхоз зыхъэзэхуэм щытекIуащ, абы папщIэ и япэ Щытхъу тхылъыр къратащ.

Емышэ Хьэлий техникэщIэр япэу къззыгъэсэбэпу щIэзыдза икIи нартыхумрэ сэхуранымрэ зэпиплIимэу тесэным нэхъ хуэIэзэ хъуа механизаторхэм ящыщщ. 1960 гъэм механизатор щIалэр звеном и пашэу, нэхъ иужькIэ - нартыху зыгъэкI механизированнэ бригадэм и унафэщIу ягъэуващ икIи а бригадэр илъэс тIощIкIэ Прохладнэ районым щынэхъыфI дыдэу екIуэкIащ.

Емышэ Хьэлий и Iэщ1агъэм зэпымыууэ хигъахъуэрт, езым и унафэм щIэтэри абы хуищIийрт. Зэрылажьэм хуэдэуэ абы 1974 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и мэкъумэш факультетым къиухащ агроном Iэщ1агъэр иIэу.

Гъавэ бзэ къызэрырихьэлIэм папщIэ нартыхугъэкI цIэрыIуэр колхозхэт-хэм я союзпсо съездым и лIыкIуэу хахащ. Емышэ Хьэлий псэемыблэжу лажьэрт, игъусэхэри Iэхум тригъэгушхуэрт икIи езыр щалъхуа жьлэм и пщIэр республикэ псом щиIэтрт. А псоми папщIэ бригадэм хэтхэми и къуажэгъухэми абы пщIэшхуэ къыхуащIырт. 1979 гъэм Емышэ Хьэлий цIыхубэ депутатхэм я Къэрэгъэш къуажэ советым и исполкомым и тхьэмадэу хахащ икIи илъэс 12-кIэ, 1991 гъэм пенсэм кIуэху, а Iэнатlэр дагъуэнщэу ирихьекIащ.

Щхьэмыгъаззу, емызэщыжу зэрылажьам папщIэ Емышэ Хьэлий къратащ Ленин орденыр, ГуащIэдэкI Бэракъ Плъыжь, Октябрь Революцэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденхэр, нэгъуэщI дамыгъэ лъапIэхэр. 1966 гъэм абы къыхуатегъэфащащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь цIэр.

Пенсэм кIуа нэужьи Емышэ Хьэлий жьлэжьру елэжьащ щIэблэр гъэсэныным, ныбжьыщIэхэм щыгъ, мэкъумэшыщIэм и Iэщ1агъэр фIыуэ егъэлъагъуным, егугъуныгъэмрэ жэуаплныгъэмрэ хуэущиныным.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыху гъуэзэджэ дыдэхэм ящыщыр, лэжьакIуэшхуэр зэи ящыгъущэнкъым абы дэлэжьахэм, зыцIыхуу щытахэм.

КIуэкIуэ Ю. А., Егоровэ Т. Б., Мусуков А. ТI., Канунников В. А., Къуэдзокъуэ М. М., Амщыкъуэ Ф. Къ., Аттаев Ж. Ж., Афэщ1агъуэ М. Хь., Ахъуэхъу Т. Б., Берд Хь. А., Бозий Н. Б., Бэлэтокъуэ В. Хь., Геляхов А. С., Говоров С. А., Губин Г. С., Евтушенкэ Н. Н., Емуз Н. Гъ., Жанатаев С. А., Журавлёв А. И., Залиханов М. Ч., Зумакулов Б. М., Къардэн М. Н., Къэрмокъуэ Хь. М., Мокаев Къ. А., Нэхущ З. А., Пащты Б. С., Сарбашевэ С. М., Сэхъурокъуэ Хь. Хь., Тау П. Къ., Федченкэ Л. М., Хьэщ1ъхъуэжь А. Б., Шыхъуэбахъуэ М. Хь.

● Ди къалэхэр

Лэжьыгъэм адэкIи пащэ

«Къалэхэм я теплъэр егъэфIэкIуэн» къэрал программэм тету зэфIах лэжьыгъэхэр зэпыуркъым.

ЪАПЩТЭМЭ, «Искож», «Александровка», «Стрелка» хьэблэхэм дэт унэ зэтетхэм я бжэIупэхэм щыщ куэдыр кIыуМыцIыхужьмкIи хуэдизу яГъэдэхащ; плиткэхэмкIэ, асфальткIэ ахэр къращIыкIащ, удз гъэгъа хэсапIэхэр щIэрыщIэу хуащIри, тетIысхьэпIэ екIуэхэр бжэIупэхэм щащъхьэжьмкIэ къагъэнэхуащ. Дунейр щIыIэ къэхъуху лэжьыгъэхэр «Искож»-м и Ингуш, Кадыровым, Ашуровым я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэм щызэпыуакъым. 2018 гъэм а лэжьыгъэм пащэнущ. Къэрал, республикэ бюджетхэм я ахъшэ трагъэкIуэдэнущ ди къалэхэм я паркхэр, лъэс зекIуапIэхэр, утыкуэхэр иджырей мардэхэм тету гъэдэхэным.

Иджыри зэ фигу къыдогъэкIыж зэфIахьыну лэжьыгъэр щагъэбелджылыкIэ къалэ фотэрхэм щыпсэухэм я дэтхэнэ зы псалъэри, Iуэху еплъыкIэри ухуакIуэхэм гулъытэнщэ зэрамыщIынур. Къапщтэмэ, Май къалэм и теплъэр егъэфIэкIуэзыжьмкIэ мы гъэм ящIэнум теухуауэ къалэдэсхэм къабгъэдэкI жэрдэмхэм хэплъэну Iэщ1агъэлIхэри хахащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Мылъку зэзылъэфалIэхэм нэхъ ткIийуэ япэщIэтын

КъБР-м и прокуратурэм щекIуэкIащ коррупцэм пэщIэтыныныкIэ ведомствэ зэхуаку лэжьакIуэ гупым и зи чэзу зэIущIэр.

АБЫ ЩЫХЭПЛЪАЩ хабзэхъумэ Iэхуэщ1апIэхэм коррупцэм ебэныныкIэ 2017 гъэм и мазэ 11-м ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм крикIуахэм, 2016 - 2017 гъэхэм мылъку зэзылъэфалIэхэм ебэныныкIэ Лъэпкъ плану УФ-м и Президентым 2016 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м къыдигъэкIа Указ №147-мкIэ щIэгъэбыдам къыщыгъэлъэгуа Iэхуэхэр гъэзэщIа зэрыхъум.

Мы Iэнатlэм пэрыт хабзэхъумэхэм гу лърагъэтащ Iулъхь къеIызыхэр, къулыкъуущхэ зезыхь цIыхухэм зэхащIыкIа щIэпхъаджагъэхэр сэтей къащIыныным теухуауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр ягъэткIиин зэрыхуейм. Федеральнэ казначействэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ и къудамэм коррупцэ щымыгъэIэныныкIэ щызэфIагъэкI Iэхуэхэм тепсэлъыхьащ, ахэр зэрырагъэфIэкIуэну Iэмалхэр къыхальхьащ.

Апхуэдэу зэIущIэм щызэрагъэкIуащ 2018 гъэм коррупцэм пэщIэтыныныкIэ зэфIагъэкIыну я мурад Iуэхуэхэр.

- Iулъхьэ къызэрыIахым щыгГуаззэ цIыхухэмрэ Iэхуэщ1апIэхэмрэ яхудогъэльагъуэ абы теуха хьыбархэр КъБР-м и прокуратурэм (Налшык къалэ, Кулиевым и проспект, 16) 40-45-51 телефоныныкIэ ирагъэщIэну.

КъБР-м и прокуратурэ.

● Пщэдей къызэIуах

ЩIымахуэ Олимп джэгухэр-2018

Урысейм щыщ атлетхэр Пхёнчхан макIуэ

Кореем и Пхёнчхан къалэм пщэдей гуфIэгъэкIэ къыщызэIуахынущ XXIII ЩIымахуэ Олимп джэгухэр. Абы къыщызэхуэсынущ дунейм и спортсмен лъэщхэр икIи увыпIэ нэхъ лъагэ дыдэхэм ахэр ерыщу щIэбэнынущ. Ди жагъуэ зэрыхъуфи, Урысей Федерацэм икIахэм я Хэку и щIыхьыр зэкIэ яхъумэфынукъым. Ахэр зыхущIэкъуну къахуэнэжыр езыхэм я пщIэр яIэтыныращ икIи къызэреджэнур «Урысейм щыщ атлет» къудейуэщ. Иужьу апхуэдэ щытыкIэ ирагъэувауэ щытар Индием и спортсменхэращ.

ДЭРИ дуней псом щыщыIэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэри мызэ-мытIэу дытетхыхьащ Урысейм и спортсменхэм къалымкъэкIахэмрэ абыхэм тралъхьа тезырхэмрэ. Лей хъуну къыщIэкIынкъым иджыри зэ кIэщу Iуэхур зытетым фыщыдгъэгъуэзэжмэ.

ИльэситIым нэблэгъащ урысей спортсменхэм зыубгъуауэ допинг къызэрагъэсебэпым теухуа псалъэмакъыр къызэрежьэрэ. ЯпщIыкIэ Степанов зэщхьгъусэм (зыр тренерщ, адрейр спортменкэщ) Германием щытрагъэха фильмым щыжаIащ ди къэралым спортымкIэ и ехъулIэныгъэхэм я лъабжьэр допинг зэрызэрахьэлIэрауэ. Ар щIигъэбыдэжащ Допинг Iуэхугъуэхэр къыщIэгъэщынымкIэ Мэкку лабораторэм и унэфэщI Родченков Григорий. Илъэс и пэкIэ ар США-м кIуэсащ икIи езыр я пашэу зэрахьа Iуэхугъуэхэр кьанэ щымыIэу дунейпсо утыку хъурихьащ. Абы фIэкIыпIэншэу наIуэ ищIащ допинг-пробхэр яхъуэжу къыщIагъэщ щIэх-щIэхыурэ щIахьымэу зэрыщытар... урысей спортым и Iэтащхьэхэм я унафэкIэ. А псори иджы пхуэбзыщIыжынутэкъым.

Арати, дуней псор къэуктубиящ. Арамырами фIыуэ дыкъэзымыпытагъу хамэ къэрал политикхэм Iуэхур куу ящIащ икIи абы и пэжыпIэр зэхагъэкIын папщIэ профессор цIэрыIуэ Макларен Ричард зи Iэтащхьэ Допингым ПощIэт Дунейпсо Агентствэм (ВАДА) и комиссэ къызэрагъэпэщащ. Абы и лэжьыгъэр нэхьыбэу зыхуэунэтIар 2014 гъэм Сочэ щекIуэкIа ЩIымахуэ Олимп джэгухэм щызэрахьа допинг хьэгъэщагъэхэрат. «Допинг» (doping) инджьлыз псалъэм ЫокI «наркотик зэхьэлIэн» жиIэу, нэхъыбэу къыщагъэсебэпри спортыращ. Апхуэдэу йоджэ ЦIыхум и зэфIэкIыр хэпщIыкIыу хагъэхъуэн папщIэ спортсменхэм хущхъуэ зэхэлъ щрахьэлIэм и деж.

Зэман дэкIри, комиссэм и лэжьыгъэм кьрикIуар утыку кьрахьащ. ЩыщIэныгъэ, зэтемыхуэ куэд хэлъми, Макларен и докладыр лагъым къуэам хуэдэ хъуащ икIи урысей спортсменхэр дунейпсо зэхьэзэхуэхэм зэманкIыхькIэ къыхэзгъэкIынымкIэ щхьэусыгъуэу уваща. Апхуэдэу яуку ящIуэдиякIэщ ВАДА-ми, нэгъуащI спорт зэгухьэныгъэ зыбжанэми.

Зыми и унафэм щIэмыт (пэжу пIэрэ?) Макларен зи пашэ ВАДА-м и комиссэм и къалэныр игъэззэщIащ. Абы къыщIигъэщащ спортсменхэм Урысей Федерацэм и зыщIахьэлIэм егъэлеяуэ зэрызиубгъуар. АдэкIэ нэгъуэщIхэр Iуэхум къыхьихьащ. Докладым къеджэн яухри, дакъикъэ зыбжанэ дэкIауэ арат ВАДА-м официальнэу тхыгъэ щызэбгригъэхам Урысейр Рио-де-Жанейрэ щыIэну Олимпиадэм къыхэгъэкIын хуейкъэ МОК-м и президент Бах Томас ар напIэзыпIэм диIыгъащ.

Мы Iуэхум нэхъ набдзэгубдзаплъэу бгъэдыхьэну, лажьэ зимиIэ спортсменхэм лей къытрамыгъэхьэну къыхуриджэну дунейпсо спорт зэгухьэныгъэхэм захуигъэзащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир. Макларен и докладым къыщыщIэлъэгъуа кулыкъуущIэ зыбжанэми абы и унафэкIэ я къалэнхэр щхьэщхащ.

АрщхьэкIэ аркъудейхэмкIэ мы зэрыхьэзэрийр пхуэгъасебэрыжьынутэкъым. ХэIущIыIу зрыхъуамкIэ, допинг зрахьэлIауэ къыщIэрыщIэщар щIэкъуэныжьмкIэ Урысейм къэрал программэ (?Iу) зэрыщыщэхалъхьэрэ блэкIа лъэситхум къриубыдэу щIауфащ спортсмен 421-рэ, спорт лIэужьыгъуэ 20-рэ дунейпсо федерацэ 18-рэ къызэщIауфыдэу. Абы уфIэкIыфынутэкъым. Нэрылъагъут Урысейм и спортсменхэм я нэхъыбэм допинг зэрызрахьэлIэр. Нэхъ Iейжращи, ахэр къэрал къулыкъу лъагэхэр зыIыгъхэм щIахьымэрт. ВАДА-ри, МОК-ри, адрей спорт IэнатIэхэрИ а псом фIэкIыфынутэкъым. Урысейм къыхэзнэжыр зигъэкъабзэжынурац. Абы папщIэ дунейпсо зэхьэзэхуэ инхэм пIалъэкIэ къызэрыхагъэкIынымкIэ шэч хэлъэкъым.

Макларен и докладыр хэIущIыIу щащIар Бразилием и Рио-де-Жанейрэ щыIэну Гъэмахуэ Олимп джэгухэм щIидзэным тхьэмахуитI иIэжщ. Абы и зэранкIэ Урысей Федерацэм атлетикэ псынщIэмрэ атлетикэ хьэлъэмкIэ и спортсменхэр я гъащIэм и хъуэпсапIэ нэхъыщхьэм хэкIыжащ. Насыпыр диIэти, адыгэ щIалэхэр къабзэу къалъытащ икIи Мудрэн Беслъэн Олимпиадэм япэ дыщэ медалыр ди къэралым къыщыхуихьащ, Джэду Iэниуар дыжьынымкIэ дигъэгуфIащ.

Рио-де-Жанейрэ щекIуэкIа Гъэмахуэ Олимп джэгухэм яужькIи псалъэмакъыр нэхъ кIащхъэ хъуакъым. Уеблэмэ, ар нэхъри къыщэщIэпIльэрт. Мурад нэхъыщхьэр Урысей Федерацэм и спортсменхэр ЩIымахуэ Олимп джэгухэм мыгъэкIуэнырат.

Нэгъабэ дыгъэгъаазэм и 5-м Дунейпсо Олимп комитетым и гъэззэщIакIуэ гупым Лозаннэ (Швейцарие) щIигъэкIуэкIа зэIущIэм зыкъом наIуэ къыщIащ. Абы унафэ къыщащтащ Урысей Федерацэм и спортсменхэм Пхёнчхан (Корее Ипщэ) щекIуэкIыну ЩIымахуэ Олимп джэгухэм кIуэну Iэмал яIэу, нэхъапэм допинг Iуэхум хэпщIауэ щымытамэ. Абы щыгъуэми я ехъулIэныгъэхэм папщIэ ди къэралым и ныпымрэ гимнымрэ утыку къыщIрахьэну хуиткъым. Ар Урысейм и дежкIэ удыныщхъуэщ, ауэ пхуэмыгъэвынкъым.

Пэжщ, допинг Iуэхум Урысей Федерацэм и пщIэр хуабжу ириудыхащ икIи тезыр зыбжанэ къытригъэлъхьащ. АрщхьэкIэ ди къэралым и закъуэ натIэрыуапIэ ящIу жыпIэнри къезэгъыщэркъым. А гупсысэр ирищIэбгъэбыдэжыну мы зы щапхъэр ирикъунщ: Алыджым и къалащхьэ Афины 2004 гъэм щекIуэкIа Гъэмахуэ Олимп джэгухэм щыщIэдзауэ 2016 гъэм Рио-де-Жанейрэ (Бразилие) щыIам нэсыхукIэ (Сочэ-2014-рэ яхэту) къэрал 20-м щыщхэм медали 103-рэ ирагъэтыжащ (30-р дыщэу, 39-р дыжьыну, 34-р жэзу). Ар зэхьэзэхуэхэр щекIуэкIым къыщIагъэщ-щхэр хэмытыщ.

Допингым ПощIэт Дунейпсо Агентствэм, ди жагъуэ зэрыхъунщи, нэхъыбэрэ къыпэщIэхуар ди къэралым щыщхэращ, къаГъэсебэп Iэмалхэр адрейхэм куэдкIэ къаззрыкIэрыхуам къыхэкIыу. Аращ тезыр ткIийхэр Урысей Федерацэм щытралъхьари икIи олимп медаль зэмылэужьыгъуэу 42-рэ (10-р дыщэу, 21-р дыжьыну, 11-р жэзу) щIытрахьжари. Дыдейхэм къаIэпхъкIуэ Совет Союзэм къыддыхэтхэу Белоруссиер - 11 (2, 3, 6), Украинэр - 10 (1, 4, 5), Къззахъстаныр - 9 (5, 2, 2). Допинг полицейхэр, уеблэмэ, къахуэгъэпщIакъым США-м, Италием, Германием, нэгъуащI къэрал зызыужьхьэхэм щыщхэми.

Ди жагъуэ, зэрыхъунщи, медаль зытрахьжахэм яIыщщ ди лъахэгъу Аккаев Хьэжмурати. 2008 гъэм Пекин щекIуэкIа Олимпиадэм хьэлъэ къэIэтыныкIэ зэпеуэм щыщихьа жэз медалыр абы итыжыну къыхуагъэуващ.

Зи дамыгъэжэр зытрахыжахэм псоми щхьэусыгъуэ хуащIащ допинг Iэмалхэр кIэлъкIуэ Совет Союзэм гъэпщIагъэкIэ текIуэныгъэхэр зэрыщыщIэрагъэхьэм къищынэмыщIауэ, спортсменхэм зы пIалъэ гуэркIэ ехъулIэныгъэ яIэн папщIэ я узынщагъэр Iисрафэ зыщI Iуэхугъуэщ ар икIи дуней псом и дохутырхэр абы ерыщу пэщIэтщ. Апхуэдэу ткIийуэ къулыкъущIэхэр допингым щIебэнри арац.

Олимп зэщIэкъуеенигъэм и къыхуеджэныгъэ нэхъыщхьэр нахуэу икIи къабзэу зэхьэзэхуэныгъ. ТекIуэн хуейр зи къарурэ зэфIэкIкIэ нэхъ лъащIарац, атIэ бзаджагъэ зэмылIэужьыгъуэхэм хуекIуэхэракъым. Араци, дыщыгугъынщ Кореем и Пхёнчхан къалэм пщэдей къыщызэIуах Олимп джэгухэм ипэжыжьэ.

Олимп зэщIэкъуеенигъэм и къыхуеджэныгъэ нэхъыщхьэр нахуэу икIи къабзэу зэхьэзэхуэныгъ. ТекIуэн хуейр зи къарурэ зэфIэкIкIэ нэхъ лъащIарац, атIэ бзаджагъэ зэмылIэужьыгъуэхэм хуекIуэхэракъым. Араци, дыщыгугъынщ Кореем и Пхёнчхан къалэм пщэдей къыщызэIуах ЩIымахуэ Олимп джэгухэм ипэжыжьэ.

ЩIымахуэ Олимп джэгухэм я зэхьэзэхуэхэр, зэманыбзэ зэрыщIэлъ, ЩIымахуэ Олимп комитетым и гъэззэщIакIуэ гупым Лозаннэ (Швейцарие) щIигъэкIуэкIа зэIущIэм зыкъом наIуэ къыщIащ. Абы унафэ къыщащтащ Урысей Федерацэм и спортсменхэм Пхёнчхан (Корее Ипщэ) щекIуэкIыну ЩIымахуэ Олимп джэгухэм кIуэну Iэмал яIэу, нэхъапэм допинг Iуэхум зэпхъуэкIа зэIущIэуэ щымытамэ. Абы щыгъуэми я ехъулIэныгъэхэм папщIэ ди къэралым и ныпымрэ гимнымрэ утыку къыщIрахьэну хуиткъым. Ар Урысейм и дежкIэ удыныщхъуэщ, ауэ пхуэмыгъэвынкъым.

Пэжщ, допинг Iуэхум Урысей Федерацэм и пщIэр хуабжу ириудыхащ икIи тезыр зыбжанэ къытригъэлъхьащ. АрщхьэкIэ ди къэралым и закъуэ натIэрыуапIэ ящIу жыпIэнри къезэгъыщэркъым. А гупсысэр ирищIэбгъэбыдэжыну мы зы щапхъэр ирикъунщ: Алыджым и къалащхьэ Афины 2004 гъэм щекIуэкIа Гъэмахуэ Олимп джэгухэм щыщIэдзауэ 2016 гъэм Рио-де-Жанейрэ (Бразилие) щыIам нэсыхукIэ (Сочэ-2014-рэ яхэту) къэрал 20-м щыщхэм медали 103-рэ ирагъэтыжащ (30-р дыщэу, 39-р дыжьыну, 34-р жэзу). Ар зэхьэзэхуэхэр щекIуэкIым къыщIагъэщ-щхэр хэмытыщ.

Допингым ПощIэт Дунейпсо Агентствэм, ди жагъуэ зэрыхъунщи, нэхъыбэрэ къыпэщIэхуар ди къэралым щыщхэращ, къаГъэсебэп Iэмалхэр адрейхэм куэдкIэ къаззрыкIэрыхуам къыхэкIыу. Аращ тезыр ткIийхэр Урысей Федерацэм щытралъхьари икIи олимп медаль зэмылэужьыгъуэу 42-рэ (10-р дыщэу, 21-р дыжьыну, 11-р жэзу) щIытрахьжари. Дыдейхэм къаIэпхъкIуэ Совет Союзэм къыддыхэтхэу Белоруссиер - 11 (2, 3, 6), Украинэр - 10 (1, 4, 5), Къззахъстаныр - 9 (5, 2, 2). Допинг полицейхэр, уеблэмэ, къахуэгъэпщIакъым США-м, Италием, Германием, нэгъуащI къэрал зызыужьхьэхэм щыщхэми.

Ди жагъуэ, зэрыхъунщи, медаль зытрахьжахэм яIыщщ ди лъахэгъу Аккаев Хьэжмурати. 2008 гъэм Пекин щекIуэкIа Олимпиадэм хьэлъэ къэIэтыныкIэ зэпеуэм щыщихьа жэз медалыр абы итыжыну къыхуагъэуващ.

Зи дамыгъэжэр зытрахыжахэм псоми щхьэусыгъуэ хуащIащ допинг Iэмалхэр кIэл

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Унэжьхэр къозыгъэщтэж унэщІэхэр

Кхъахэ хъуа унэхэм щыпсэухэр здагъэІэпэхьуэнхэр зыщІэхэм къэрал ахъшэмкІэ езыхэм я лъапсэ яухуэну хуиту къащыхъуами ярейуэ, цІыхухэр ягъэтхъэусыхэ. Иджы мыбы зы хэкІыпІэ гуэр къыхуагъуэта хуэдэщ.

УФ-м Ухуэныгъэмкіэ и министерствэм унафэ ищІащ унэщІэ зыуухахэм зэрагъэзэхуэжьи хуей къахухъуэжІамэ, пІалъэ хуагъэбелджылам зэфІагъэкІыну. ЗэфІамыгъэкІмэ, а Іуэхур щекІуэкІа щыналъэм сом мини 100 ипшыныжынущ, замыгъэхьейуэ илъэс ныкъуэ дэкІа - кІуэдыр сом мин 500 мэхъу.

Дяпэкіэ сомкІэ ягъэпшынэнущ ди къэралым щагъуэва мардэм нэхърэ пэщхэр хуэдэ кІэ нэхъ цІыкІу зыщІэрэ.

Ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мкІэ федеральнэ министр Мень Михаил зэрыжиІэмкІэ, мы гъэм дытехьащ цІыху мин 673-рэ унэщІэхэм ягъэІэпхъуауэ. Ныкъусаныгъэ гуэрхэр зыІэ унэхэм я бжыгъэр щІы-шылэ мазэм и закъуэ процент 14-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ, ауэ иджыри 356-рэ щыІэщ, ахэр зыхуей щыхуагъэзэжынум цІыхухэр пэплъэу. ЖКХ-мкІэ Фондым къет мы Іуэхур щынэхъ Іейр Центральнэ федеральнэ щІыналъэрауэ (уни 101-рэ). Нэхъ пыухыкІауэ къапщтэмэ, Ивановскэ областым унэ 24-рэ иІэщ, яухуэныр щамыухауэ, ныкъусаныгъэхэр щызэрагъэзэхуэжьи хуейуэ. Къэвбжьыт иджы: областым и унафэщІэхэм гъэмахуэр къэмыс щІыкІэ а Іуэхуэхэр зэфІагъэкІыжу щІыхуэхэм унэщІэхэм ямыгъэІэпэхъуэмэ, сом мелуан 12 щІыналъэм ипшынэжынущ.

ФщІэн папщІэ. 2012 гъэм и щІышылэм и 1-м и пэкІэ кхъахэ хъуа унэу къалъытахэм цІыхухэр къыщІагъэІэпэхъукІынырэ 2018 гъэм хэриубыдэу зэфІэкІынущ. ЦІыху мини 8,5-рэ унэщІэхэм щІагъэтІысхьэну къапэщылъщ УФ-м и щІыналъэ 13-м.

Къуэдыри хъарзынэщ къулыкъущІэхэм «зыкъащІэжьынымкІэ». Ауэ Тулэ областым и Донской къалэм къыщыхъуам къыззригъэлъэгъуащи, къэрал мылькумкІэ нэпсейхэр хьэпсыращ нэхъ зыщышынэр. АтІэ, мы къалэм и цІыху 300-м щхьэкІэ яууа унэм зыми идакъым щІэтІысхьэн, нэмыщІысар апхуэдизкІэ куэдти. НамыщІысами - бюджетым щыщу сом мелуани 100-м щІигъу трагъэкІуэдат. ЦІыхухэм я тхьэусыхафэр зэхэзыгъэкІыну кІуахэм ятхыжьам и ужькІэ, Іуэхур судкІэ нэсащ. Ильэсищым къыщыщІэдзауэ хым нэс трагъэхьащ общатым ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мкІэ и департаментым и унафэщІым къыщыщІэдзауэ унэр зи нэІэ щІэту яухуам и дежи щыщІэкІыжу. Ильэсищ хъуащ абы лъандэрэ, ухуакІуэхэм губгъэн щІыхуащІын зы уни мы областым щауухуэжакъым. Цыхур щымыукІытэкІэ, хабзэр хуэткІиин зэрыхуэйм и щапхъэщ мыр.

Хэт къуаншэр?

Іэщэ зыІыгъ сабийхэм е студентхэм къахэлъадэу, гузэвэгъуэшхуэ къызэрагъэхъум я хъыбар куэдрэ къоІу. Москва, Пермь, Челябинск къалэхэм я куриыт еджапІэ гуэрхэми мыпхуэдэ щІэнпхъаджагъэ «я нэгу» щІэкІащ, ди жагъуэ зэрыхъущи. ЩІалэгъуалэр лъэкъ зэрыщащІар, умыкъуейимэ - зыми уримыщІысу. Телеканалхэмрэ Интернетымрэ залымыгъэм техуэ фильмхэмрэ хъыбархэмрэ зэрызэщІащтар. ЛІыукІ лъэщхэм, псори зыщышынэхэм зрагъэщхьыну зэрыхуэйр. Афиянхэкіхэр зэрыкуэдыр икІи къызэрымыгъэтыгъуейр. Ауэ щыІэщ урысей щхьэусыгъуэхэри. Сыт а сабийхэм ялъагъур, зэджэр, зэхахыр?

Горбачёв и зэман лъандэрэ ди тхыдэр Іейуэ къыщІрагъэдэныну, ар ущІэукІытэну щытауэ, залымыгъэкІэ тэзэнщІауэ къекІуэкІауэ ди цІыхухэм я фІэщ ящІыну толажьэ. Октябрь революцэр - щІэпхъаджагъэщ. ЛІыхъужьхэр - жьыжьэри лІыхъужьхъыми, атІэ делэ зэфэзэщІщ. «Эн акъыл зэтесхэр икІуэтурэ, а къалэхэр бийм ираташ, езыхэм зыкърагъэлъын папщІэ».

Иужьрей псалъэхэр Яковлевэм щІыжиІэр Ленинрад апхуэдизэ дамыгъэлІыхьу фашистхэм иратамэ нэхъыфІтэкъэ, гупсысэр зыгуэрым и жьэм къызэрыжьэдэкІарагъэнщ.

Пэж хэлъщ Яковлевэм жиІам, ауэ мы щхьэусыгъуэхэм «патриотизм» жьхуаІэр еспхьнтэкъым. «Уэ абы нэхърэ унэхъ губзыгъэмэ, щхьэ фи философие щІэныгъэхэмкІэ умыкандидатрэ?» жаІэнри хэлъщ, гъащІэм, ди щыІэкІэ-псэукІэм зыгуэр зэпщІыкІын папщІэ Іэмал имыІэу «укандидатын» зэрыхуэмейр гурыІуэгъуэми.

Бынэр, щІэблэр залым щІэхъуи и щхьэусыгъуэр (ар къыдалъхуа уэыфэу щымыІмэ) адэ-анэ губзыгъэм ямыщІэнкІэ Іэмал иІэкъым. «Уэзгугъур - къогугъуж.», жиІащ адыгэм.

Адэ-анэм я закъуэкІэ быныр гъэса хъунукъым мы зэманым, ауэ шэч хэлъхьам: сабийм и гупсысэкІэм, дуней лъагъукІэм, цІыху хэтыкІэм лъабжьэ хуэхъур унагъуэм щилъагъумрэ щызэхихымрэщ. Ди нэгу къыщІэдбгъэгъахьэт иджырей унагъуэхэм я нэхъыбэр зыхуэдэр. Адэ-анэр мэлажьэ, зы сабийр - садым, адрейр школым яшэ. Сыхьэт 18 хъуху лэжьауэ унэм йокІуэлІэж зещхьэгъусэхэр. Бзылъхугъэр мэпщафІэ, мэтхьэщІэ. И насыпмэ, адэр апщІондэхукІэ быным ябгъэдэсщ, игъэджэгуу е дерсхэр къыригъэпщытэжу. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ар цІыхубэ Іуэхуу къэзыпльытэ, нэхъ гувауэ къэкІуэжу диваным зизыгъэзагъэ цІыхухъуэр нэхъыбэщ. Аращи, пщыхьэщхьэм сабийхэм зэхахыр я псэм зезыгъэужьын, адэ-анэм я лъагъныгъэр зыхэзыгъэщІэн псалъэхэракъым, атІэ «псынщІэу тхы (еджэ), мыпхуэдизу задани къыщыватыр сыт? Си псэр поху, кхьыІэ фыгъуэлъыж, зыри сыхуеижкъым».

ЗэрыгурыІуэгъуэщи, унагъуэхэм а я пщыхьэщхъ гъэкІуэкІэр лІэужьыгъуэ куэд мэхъу. Махуэ псом сабий зэрызехьэм хэта я быным унэми зыщимыгъэпсэхуауэ, гугъу зыдехь дерсхэмрэ тэмакъкІэщІу къепсалъэ балигъхэмрэ игу зыщагъэуауэ, уеблэмэ зощыджэу гъауэ Іурехьж, сыхьэти 7-м къыззэфІэувэу, аргуэру а дыгъуасэрей дыдэм пхыкІын хуейуэ къыпэщылъу. ДыгъэщІагъэр, иджырей сабийхэр тэмакъкІэщІу жытІэу. Сэ къэсхьэ щапхъэр зэщхьэгъусэм зэдаІ сабийхэм я пщыхьэщхьэщ. Анэм и закъуэмэщэ, е адэр ефэмэ - абы щыгъуэм сабийм и дежкІэ псори нэхъ хьэлъэ зэрыхъур гурыІуэгъуэщ. Апхуэдэ сабийм губжьыр хуэзтрехьэ, Іэмал имыІэу зэ мыхъуми зэ ар къызэрыфІыдихунум шэч хэмылъу.

ИкІи мысабийжу балигъи мыхъуауэ, зэрыжиІэщи, зи лъы къэплъыгъуэ ныбжьыщІэм и тэмакъкІэщІагъэр, уеблэмэ залымыгъэр щІэблэм хэкур фІыуэ яльагъуныж, лІыхъужьхэм пщІэ хуащІыным теухуауэ егъэкІуэкІыпхъэ лэжьыгъэр Іэпэдэгъэлэл зэращІам зыгуэркІэ епхуэу си фІэщ хъуркъым. «Ди Тхьэ, хьэитхуэхъумэ Америкэр», - псалъэхэмкІэ зи пщэдджэжьыр зыублІэ американ ныбжьыщІэхэм ящыщхэм къаугъэлъагъуэ залымыгъэр долъагъуэхэ.

Сабии 10 - 12 нэхъыбэ зыщІэмыс гупхэр, 15 - 20-м я бжьыгъэкІэ фІэмыкІэзклассэгъуэхэр, унагъуэ Іуэхумрэ ахъшэншагъэмрэ зи гупсысэр иІыгъ гъэсакІуэ-егъэджакІуэхэм къэралым яхуищІэфынур, къуажэхэм спорт, щэнхабзэ Іуэхущ Іапі эхэр тэмэму щылэжьэныр, ахэм ди сабийхэм зыщагъэзащІыныр - мыхэрауэ къысфІощІ нэхъ зытегъэщІапхъэр.

Нэгъабэ лъандэрэ къызэрыпхагъэІуэкІам фІэкІакъым Къэрал Думэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и комитетым хэт депутат Боженов Сергей къыхилъхьар. Абы къельытэ егъэджакІуэхэм я улахуэр «щІыналъэм ику иту къыщалэжьым хуэдизым хуейщ» жаІэу зэрагъэувар мытэмэму. Урысей Федерацэм и щІынальэхэр я зэфІэкІкІэ зэхуэдэкъыми, егъэджакІуэхэр я улахуэкІэ хуабжьу зощхьэщыкІынущ. Боженовым къыхилъхьат егъэджакІуэхэр къэрал къулыкъущІэу къэпытэн хуейуэ, абы я пщІэмрэ я улахуэмрэ къиІэтыну. Ядакъым. «Государственный служащий» псалъэхэм ящІэлъ гупсысэм тепщІыхьмэ, зы къэрал Іуэхущ Іапі эм къалэн пыухыкІа щызыгъэзащІэмрэ къэралым и щІэблэр зыгъасэ-езыгъаджэмрэ хэту пІэрэ зи пщэрылъыр нэхъ иныр?

Мы Комитетыр Боженовым кІыхьилъха жэрдэмым хуэдэм ипэІуэкІи хэпльат. Абы щыгъуэми ядауэ щытакъым.

Японием и щІэблэр нэгъуэщІхэм зэращихъумэ хабзэ щагъэзащІэ: мы къэралым и сыт хуэдэ Іэнатіэми ущыпхьжьэну ухуитщ, ауэ сабий садымрэ курыт егъэджапІэмрэ уагъэкІуэнукъым. Абы къикІраци, лъэпкъым къыдекІуэкІ хьэл-щэнымрэ дуней лъагъукІэмрэ фІыуэ зыщІэр езыхэращ, ар хьумэн хуейщи, нэгъуэщІхэр ирагъэкІуалІэркъым. Аращ уи хэкур фІыуэ пльагъуным, «мыхэр къыздикІар дэнэ?» жьипІэу иужькІэ щІэблэм уатемыхьущІыхьыным теухуауэ псом япэу щІапхъэр.

ЗэрыгурыІуэгъуэщи, гъэсакІуэмрэ, егъэджакІуэмрэ я пщІэр къэпІэтмэ, а Іэщ Іагъэм мэхъыфІхэр, нэхъ Іущхэр хуеІэу щІадзэнущ. Адэ-анэфІ зимыІэр егъэджакІуэфІ хуэзэмэ, ар езымкІи жылагъуэмкІи насыпщ. Балигъхэм ди лъагъныгъэ зыхэзымыщІа, къытфІэмыІуэхуа, хъуапсэ зигу идмыльхьэфа сабийхэращ иужькІэ тутнакъэщхэр щІэдухуэжьи.

ПІанэпэр зыгъэхьэзырар ***ШИРДИЙ Маринэщ.***

КъБР-м щыІэ МВД-м щекІуэкІащ УГИБДД-м 2017 гъэм и лэжьыгъэм кърикІуэхэм щытепсэлъыхьа зэІущІэ. Гъэзэгу-транспорт къэхъукъащІэхэр, абы кърикІуэхэр гъэмэщІэным теухуауэ зэфІагъэкІахэм зэпкърыхауэ журналистхэр щыгъуазэ ищІащ КъБР-м щыІэ МВД-м и Къэрал автоинспекцэм къызэгъэпэщныгъэ-аналитикэмкІэ, гъэзэгум шынагъуэншэу щызекІуэным епха лэжьыгъэмкІэ и къудамэм и унафэщІ, полицэм и подполковник Мэремщауэ Мусэ.

Гъуэгум фыщысакъ

- 2017 гъэм республикэм и Къэрал автоинспекцэм гулъытэ нэхъ зыхуищІахэм ящыщщ гъэзэгум щызекІуэхэм хабзэр ягъэзэщІэнир. Абы и фІыгъэкІэ процент 1,4-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ хэкІуадэхэм я бжыгъэр, фбжь зыгъуэтахэр - процент 5-кІэ, гъэзэгу-транспорт къэхъукъащІэхэр процентри 2,4-кІэ хэхъуами. Гугъуехьэр щыІэми, иужь илъэсихьм гъэзэгу-транспорт къэхъукъащІэхэм хэкІуадэхэм я бжыгъэм хэщІащ процент 35-кІэ, - жиІащ Мэремщауэм.

Автоинспекторхэм я къалэнхэр хьэлэлу зэрагъэзащІэм и фІыгъэкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым 2017 гъэм чэфу рулым дэсхэм я зэранкІэ къэхъу транспорт зэжьэхуэхэм хэкІуадэхэр процент 52,4-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ, рулым дэтІысхьэну хуит зыщІ дэфтэрхэр зимыІэхэм я зэранкІэ къэхъур - процент 40-кІэ, транспортыр псынщІащэу къызэрырахуэкІым и щхьэусыгъуэкІэ къэхъухэм - процент 30,4-кІэ, абыхэм фбжь хэзыххэм - процент 16,3-кІэ хэщІащ.

Мэремщауэ Мусэ къызэрыхиГъэщащи, илъэс ІуэкІым республикэ ГИБДД-м и лэжьыгъэр зытригъэщІахэм ящыщщ гъэзэгу-транспорт къэхъукъащІэхэр къызыхэкІынкІэ хуэну административнэ хабзэр къызэпемыгъэудыныр. Автоинспекторхэм къызэрагъэщащ гъэзэгум зэрыщІэкІуэ хабзэр зы мелуанрэ мини 150-рэ къызэпуадауэ. Ар нэхъыбэщ Дагъыстэным, Ленинград, Ярославль, Иркутск областхэм, Краснодар, Ставрополь, Красноярск крайхэм къыщыхъуахэм нэхърэ.

- Къыщ Іэдгъэщащ фадэ ефауэ рулым зэрыдэтІысхьам ехьэлІа хабзэншагъэ мини 3-м щигъу, автотранспорт зэрагъэкІуэну хуит зыщІ тхылъхэр ямыІэу Іыху мини 4-м щигъу яубыдащ, лъэсырыкІуэхэм гъэзэгум зэрыщызекІуэ хабзэр мини 9-м ящІагъэрэ къызэпуадащ, - пищащ Мэремщауэм.

Гъэзэгу-плъыр къулыкъум и лэжьакІуэхэм, полицэм и нэгъуэщІ Іэнатіэхэм, КъБР-м щыІэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым, СМИ-м я лІыкІуэхэр хэту ирагъэкІуэкІащ «Автошэнтжьейр - сабийхэм», «Шофёр чэф», «Автобус. Такси», «Лъэсырыкіуэ. Лъэс зэпрыкІыпІэ», нэгъуэщІ профилактикэ Іуэхухэр (102-рэ).

Мэремщауэ Мусэ къытеувыІащ лъэсырыкІуэхэр хэту къэхъу гуэзвэгъуэхэм. Анэдэ къэхъукъащІэхэм я щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэу къыхихигъэщащ гъэзэгум я щІыпІэ щхьэхуэхэр къызэрамыгъэнэхур, лъэсырыкІуэхэм я щыгъынхэм нэху къэзыда дамыгъэхэр зэрытемылъыр. Псалъэм папщІэ, автомашинэ зыжьыхэуэу иуха лъэсырыкІуэ 36-м ящыщу 34-р гъуэгум щызэпрыкІащ къэмыгъэнэхуа щІыпІэм деж.

- 2017 гъэм административнэ хабзэр къызэпаудыныр мин 895-рэ республикэм къызэрагъэзэувы-Іащ аппаратно-программэ Іэмалыр щыгъэзэрэсэбэным и фІыщІэкІэ икІи КъБР-м и гъэзэгухэм шынагъуэншагъэр къыщыззэгъэпэщныныкІэ сэбэп хуащІ. 2018 гъэм гулъытэ хэха хуащІынущ административнэ хабзэр къызэрызэпаудыр автоматизированнэу ятхыным зегъэужьыным. Мэремщауэ Мусэ къызэрыхигъэщащи, гъэзэгу-плъыр Іэнатіэм (ДПС) и лэжьакІуэхэм я бжыгъэр зэрагъэмэщІар къалъытэу, япэ игъэщІапхъэ къалэнщ гъэзэгр зейхэм шынагъуэншагъэм теухуауэ ягъэзэщІапхъэхэм Къэрал автоинспекцэр кІэлъыпІпхъэщ, щысакъыпхъэ гъэзэгу дамыгъэхэр щыпІэхэм щагъэувыныр зэфІагъэкІынныр.

Полицэм и подполковник Мэремщауэ Мусэ зэІущІэм хэта журналистхэм я упщІэхэм жэуап яритащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Зы лІыр джэдыгуибгъурэ лІибгъур джэдыгуншэу

Нэгъабэ, зэи хуэмыдэжу, мелардырыбжэхэм къахэхъуащ. Иджы цІыху мини 2-м щІегъу егъэлеяуэ къулейхэм я бжыгъэр. Абыхэм я мылъкум зы гъэм къриубыдэу хэхъуащ доллар мелард 762-рэ. НэгъэщІу жыпІэмэ, цІыхухэм я зы процентым иІыгъщ беягъым и процент 82-р. Ди щІы хъурейм тет цІыхухэм я зэхуэдитІым зы соми лейуэ къахэмыхъуауэ зэрыкъулейсызу къэнэжащ.

МЫ БЖЫГЪЭХЭР къэзытыр къулейсызыгъэм пщІэт Оксфам международнэ организацэм и Іуэхущ Іапі э Оксфорд щыІэращ. 2010 гъэм щегъэжьауэ мелардырыбжэхэм я хэхъуэр ику иту зы илъэсым процент 13-кІэ мэбагъуэ, лэжьакІуэжьхэм я улахуэм зэрыхэхъуэм ебгъапщэмэ, хуэди 6-кІэ нэхъыбэу икІи псынщІэу. Абы уфІэкІынщи, цІыху мелуанищэкІэ мэлажьэ я псэр щІэщІауэ, я псэуклэкІэ тхьэмыщкІэ дыдэу. Мы Іуэхур къэзыІэта журналист Зубков Игорь («Российская газета») щапхъэу кІихьхэм цІыхум хуумыгъэфэщэн хэтщ. Псалъэм папщІэ, Арканзас (США) дэт джэд фабрикэм щылажьэ бзылъхугъэхэм памперс зэрамыхьэу хъуркъым, я Іуэхум зы дакъикъэкІэ техьэулеикІыну ядэркъыми. Вьетнамым и фабрикэхэм щылажьэ цІыхубэм абы щащІ вакъэм щыщ и къуэм къыхуищхуфынукъым, и мазэ улахуэм къыщІэкІыркъыми.

Оксфам международнэ организацэм Давос (Швейцарие) щызэхуэсхэм щхьэкІэ зэпымычу егъэжьэзыр къулейсызхэмрэ къулейхэмрэ я зэхуаку щыхупІэ дэпь зэрыхъуам теухуа тхыгъэ, ауэ зыри къикъркъым. Мы гъэм я зэхуэсым хэтащ къэрали 100-м къикІа цІыху мини 3-м нэс, «Большая семёрка» жьыхуаІэ къэралхэм я Іэтащхьэхэр (япон премьерым кьинэмыщІа).

«ЦІыхупІэ» жьыхуэсІам и куугъыр къывгурыІуэныжьмкІэ мы бжыгъэхэр зэрощІэгъуэн дыдэщ: Джорд Сорос и мылъкур (доллар мелард 25-рэ) Эстониеи и ВВП-м хуэдиз мэхъу; къулейсыз дыдэу ябж цІыху меларди 3,7-м я хэхъуэр мелардырыбжэ цІыху 42-м ейм хуэдиз хъууэ аращ.

Сыткіунущ, фыкъызэмыІусэ

Сочэ пэгъунэгъу бгыхэм хьэщІэщ щауху щ, уэс къабзэм къыхэщІыкІауэ. «Иглу Отель» фІищащ абы а хьэщІэщыр къэзыгупсыса Лазо Виталий.

МАХУЭМ ущІыхьэу зыщщипплъыхь хъунущ, и блынхэм уемыІусэу. Метр зэбгъуэзнатІэ 40-м нэху кІыщекІыну хуейхэм щхьэкІэ бжейм къыхэщІыкІа гъуэлъыпІэ щІэтщ, Іэжьым ещхьу ящІауэ, пэш кІуэщІым и температурэр сытым дежи 0-щи, щІыбым нэхърэ нэхъ хуабэщ, светодиодхэмкІэ къагъэнэху, ущыбэуэну тынышщ, сабэ жьыхуаІэ щІэлъкъыми. И уасэри адрей хьэщІэщхэм хуэдиз - зы жащым сом мини 6. Зызыгъэпсэхуэхэм къэхокІ зы жэщи нэхъыбэ мыбы къыщынэ. Москва, Санкт-Петербург, Краснодар къикІащ нэхъыбэу мы хьэщІэщым къыщыІуныІэр. Къалэ сабэ, зэрызехьэм иужькІэ, уэсым къыхэщІыкІа пэшым ущыбэуэныр, Іэуэлъауэнщэу зыбгъэпсэхуныр псэм фІэфІ гуэру къыщІэкІынущ абыхэм я дежкІэ.

Уэсым къыхэщІыкІа хьэщІэщыр гъатхэпэм икуэм ткІуэжьнурэ псыхьэлыгъуэу бгым ежьхьэжьнущ.



Сочэ пэгъунэгъу бгыхэм уэсым къыхэщІыкІауэ щауху щ хьэщІэщым и щІыхьэпІэр.

Артист ныбжьыщІэхэм я япэ пресс-конференц

Щукиным и цІэр зезыхъэ театр институтым и япэ курсым щеджэ балъкъэр труппэм хэтхэм сессиер яухуу зыгъэпсэхуакІуэ къыззрыкІуэжьар къыгъэсэбэпри, маззаем и 5-м пресс-конференцэ къыхуззрагъэпэщащ.

ЯПЭ илъэс ныкъуэр ныбжьыщІэхэм къаззрыщыхъуам, нэхъ къатехьэлъахэм ятеухуауэ журналистхэм я упщІэхэм жэуап ираташ артист ныбжьыщІэхэм.

Гъэ кІуам ныбжьыщІэ 11 театр гъэзджэм и щэхухэм щыхурагъэджэну Москва зэгъэкІуауэ щытащ. Псом япэу журналистхэр щІэупщІащ абыхэм сессиер зэратам.

Артист ныбжьыщІэхэм къызэрыджаІамкІэ, япэ мазитІ-щым абыхэм институтым щекІуэкІ гъащІэм зыхагъэгъуэзащ, къалэшхуэм и хабзэхэм нэІуасэ зыхуащІащ, итІанэщ нэхъ тегушхуауэ еджэн щыщІадзар. Псом хуэмыдэу я цІыкІухэм зыхагъэщащ институтым гуапэ дыдэу къаззрыщыпежьар, сыт и лъэныкъуэкІи къаззрыдэІэпыкъур. А илъэс ныкъуэм къриубыдэу абыхэм теплъэгъуэр кІэщІ цІыкІухэр екъулІэу ягъэхьэзыращ, егъэджакІуэхэм я щІытхъу лъагэ къззылэжьи яхэтщ.

- Экзаменым хуагъэхьэзыра тепльэгъуэхэр щагъэльэгъуэнум ирихьэлІэу сэри Москва сыкІуэри сеплъати, ди щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ сагъэгушхуащ, я курсым щеджэ адрей студентхэм зыкъыкІрамыгъэхуу, уеблэмэ ефІэкІхэри яхэту джэгуащ. Кьыхэзгъэщыну сыхуейт ди гупым ягъусэу нэгъуэщІ республикэм икІаэри зэреджэр, абы къыхэкІыу жэуаплныгъэри нэхъыбэщ. Кьалащхьэм щеджэкуакІэ я анэдэлхъуб-зэр ящымыгъупщэн папщІэ, ди студентхэм балъкъэрыбзэкІэ егъэджакІуэхэр ядэлэжьэнущ, спектакль зыбжани ягъэувынущ, - жиІащ Кулиев Кьайсын и цІэр зезыхъэ Балъкъэр къэ-рал драмэ театрым и унафэщІ **Жангуразов Мэжид**.

Абы къыззрыхиГъэщамкІэ, артист ныбжьыщІэхэм Балъкъэр театрыр куэдкІэ щогугъ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.
Сурэтыр
Къарей Элинэ *трихащ.*

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъу Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Нэщ Іэпыдж Замирэ, Хьэжьыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Іиэ.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериеи - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуу зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хутыныгъэр хъуэмэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ Іапі эм ПИ № ТУ07-00117-м щІэту яТхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэру* **Щоджэн Иннэ** *(1, 4, 5-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3, 6-нэ нап.), корректорхэм я дэлэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.117 ● Заказ №114